

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan masarakat, sastra lain ngan saukur alat hiburan dina ngeusi waktu, tapi ogé salaku warisan budaya anu kudu dimumulé. Karya sastra biasana miboga ajén-inajén anu luhung nu raket patalina jeung sajarah, kabudayaan, kapercayaan, ogé tradisi. Lian ti éta, karya sastra mangrupa hasil tina prosés mikir jeung prosés kréatip dina ngaréka-réka basa pangarangna.

Dina nyieun karya sastra, biasana pangarang miboga sababaraha udagan saperti hiburan anu miboga mangpaat atawa *dulce et utile*. Hiji karya sastra biasana dipangaruhan ku adat-istiadat, basa, agama, élmu pangaweruh, téhnologi, jeung lingkungan pangarangna (Rahman, 2019, kc. 53).

Ditilik tina kasusastraanna, masarakat di tatar Sunda kawilang beunghar boh sastra lisan boh sastra tulisanna. Sastra lisan contona carita pantun jeung dongéng, Sedengkeun sastra tulisan contona carpon, novél, sajak, wawacan jeung sajabana.

Urang Sunda tangtuna geus wanoh kana carita Lutung Kasarung. Lutung Kasarung mangrupa lalakon tina carita pantun *Lutung Kasarung*, salah sahiji carita pantun ti daérah Majaléngka. Carita pantun nurutkeun Koswara (2013, kc. 85) nyaéta carita anu dipintonkeun sacara lisan (dicaritakeun) ku juru pantun dina pagelaran ruatan (ritual) anu disebut mantun. Aya sababaraha carita pantun lianna nu kasohor, di antarana *Ciung Wanara* jeung *Mundinglaya Dikusumah*. Salian ti Lutung Kasarung, aya ogé carita pantun *Lutung Leutik* anu ngagambarkeun Ratu Bungsu Karma Jaya saperti lutung. Carita pantun *Lutung Leutik* mangrupa salah sahiji carita pantun anu asalna ti Kuningan. Carita pantun *Lutung Leutik* teu pati dipikawanoh ku masarakat Sunda ku lantaran kasohorna ngan di hiji daérah baé, saperti carita pantun *Badak Pamalang* anu kasohor di daérah Banten, jeung *Nyi Sumur Bandung* anu kasohor di daérah Bandung. Carita pantun kaasup kana carita sampakan, nyaéta carita-carita anu dianggap asli, lain hasil tina nyonto sastra séjén (Ruhaliah, 2019, kc.38). Ku lantaran carita pantun kaasup kana sastra lisan, jadi hésé pikeun nangtukeun iraha mimiti aya na carita pantun.

Kiwari, carita pantun téh aya nu diterbitkeun tapi masih kawilang langka jadi réa masarakat nu teu wanoh. Lian ti éta, loba carita pantun anu disadur kana wangun séjén, saperti carpon, lalakon sandiwara, novél, jeung sajabana. Karya sastra anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta carita *Lutung Leutik* karya ki Umbara anu diadaptasi tina carita pantun *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi anu mangrupa saduran tina carita pantun *Lutung Kasarung* diterbitkeun ngagunakeun bahasa Indonésia. Anapon, eusi caritana saperti novél Sunda anu lolobana ngagambarkeun alam kahirupan masarakat Sunda, ngeunaan jaman karajaan, pangalaman dijajah, perkara rumah tangga, nepi ka masalah politik (Ruhaliah, 2016, kc. 4).

Sabada dibaca kalayan gembleng carita *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi* miboga sasaruana jeung bébédaan. Bébédaanna kaciri tina eusi caritana. Eusi carita *Lutung Leutik* nyaritakeun Bagandan Sari anu dititipkeun ka Margacina dikaniaya ku dulurna, Ratu Emas Malanggi Rarang, pédah ngimpi bakal kadatangan ménak ti Pajajaran tapi ngajodo ka Bagandan Sari. Bagandan Sari dibanjur ku cai pijanaan tarum nepi ka awakna hideung lestreng, tuluy dipiceun ka hulu dayeuh. Kacaritakeun Ratu Bungsu Karma Jaya, ménak ti Pajajaran datang ka Margacina pikeun néangan pinagaraeun jeung pipamajikaneun. Ratu Bungsu tohtohan digawé nyieun parigi, minangka salah sahiji sarat pikeun ngalamar Malanggi Rarang, nepi ka awakna begang sarta kulitna hideung alah batan lutung, tuluy Ratu Bungsu ditampik ku Malanggi Rangga sarta dititah indit ka hulu dayeuh pikeun maturan Bagandan Sari. Sabada nyanghareupan sagala cocoba, ahirna Ratu Bungsu jeung Bagandan Sari ngadeg jadi raja di Margacina. Sedengkeun eusi carita *Purba Sari Ayu Wangi* nyaritakeun Nyi Mas Purba Sari Ayu Wangi, putri bungsu Prabu Purba Negara raja ti karajaan Pasir Batang Anu Girang. Purba Rarang teu narima lamun Purba Sari dipilih jadi panerus tahta karajaan Pasir Batang Anu Girang. Sagala upaya dilakukeun ku Purba Rarang pikeun maéhan Purba Sari. Tuluy Purba Sari panggih jeung Lutung Kasarung anu mangrupa salin rupa Guru Minda ti Kahyangan anu bakal mantuan Purba Sari dina nyanghareupan sagala cocoba. Nepi ka ahirna Guru Minda jeung Purba Sari ngadeg jadi raja jeung ratu di karajaan Pasir Batang Anu Girang. Acan aya panaluntikan ngeunaan babandingan

carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi.

Ieu panalungtikan baris dilaksanakeun ngagunakeun pamarekan strukturalisme Robert Stanton. Sarta, ulikan anu baris dipaké pikeun nganalisis, ngidéntifikasi, jeung ngadéskripsikeun babandingan caritana nyaéta ulikan sastra bandingan ambahan motif indéks.

Aya sababaraha panalungtikan babandingan sastra saacanna, di antarana “Babandingan struktur carita Novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.E jeung Novél *Memoirs Of Geisha* karya Arthur Golden” anu ditalungtik ku Lisna Anggraeni taun 2018, “Struktur naratif nina Naskah Drama *Nu Jaradi Korban* karya R.Hidayat Suryalaga jeung Naskah Drama *Ayahku Pulang* karya Usmar Ismail” anu ditalungtik ku Dian Brilyan Priyanga taun 2020, “Babandingan struktur Carita Pantun *Mundinglaya Dikusumah* jeung novél *Mundinglaya Dikusumah*” ku Oriza Awaludin Nopian Hari taun 2021.

Bédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan nu aya nyaéta dina objék panalungtikanna, sarta dianalisis motif indéksna. Nu saacanna mah umumna ngan nganalisis struktur atawa dilarapkeun kana bahan pangajaran.

Dumasar kana éta tinimbangan, carita *Lutung Leutik* jeung carita *Purba Sari Ayu Wangi* dianggap luyu pikeun ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan “Babandingan Carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi (Ulikan Struktural jeung Sastra Bandingan)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur naratif carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara?
- 2) Kumaha struktur naratif carita *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi?
- 3) Kumaha babandingan struktur naratif carita *Lutung Leutik* jeung carita *Purba Sari Ayu Wangi*?
- 4) Kumaha babandingan motif indéks anu nyangkaruk dina carita *Lutung Leutik* jeung carita *Purba Sari Ayu Wangi*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan kabagi dua nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh babandingan struktur naratif carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi, anu satuluyna dibandingkeun motif indéksna.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur naratif carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara.
- 2) Struktur naratif carita *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi.
- 3) Babandingan struktur naratif carita *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi*.
- 4) Babandingan motif indéks anu nyangkaruk dina carita *Lutung Leutik* jeung *Purba Sari Ayu Wangi*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat teoritis ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan babandingan hiji karya sastra jeung karya sastra séjén ku cara diulik strukturna anu patali jeung karya sastra nu ditalungtik. Lian ti éta ogé pikeun ngeuyeuban kamekaran paélmaan sastra hususna ulikan sastra bandingan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina hasil panalungtikan, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa ngajembaran paélmaan jeung nambahan pangaweruh utamana ngeunaan sastra bandingan.
- 2) Pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan carita anu diadaptasi tina carita pantun Sunda.
- 3) Bisa jadi sumber référénsi atawa bahan bacaan pikeun mahasiswa jeung akademisi dina nalungtik ngeunaan sastra bandingan.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina mangrupa tiori-tiori jeung konsép anu jadi dadasar dina ieu panalungtikan. Pedarannana ngawengku tiori jeung konsep ngeunaan strukturalisme, sastra bandingan, motif indéks, carita pantun, jeung novél pikeun ngajawab rumusan masalah.

Bab III Méthode Panalungtikan, medar ngeunaan méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, idéntitas carita, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, ngadadarkeun hasil analisis nu mangrupa jawaban tina rumusan masalah nyaéta ngeunaan struktur carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi, babandingan motif indéks dina carita *Lutung Leutik* karya Ki Umbara jeung *Purba Sari Ayu Wangi* karya Ajip Rosidi.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun. Lian ti éta, aya ogé rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna sangkan leuwih alus deui.